


# SHARAP USNATDINOV GÚRRIŃLERINIŃ SYUJETI

**Arzimova Nurgul Kengesbaevna**
QMU akademiyalıq liceyi oqıtıwshısı;
**Abdimuxammedalieva Miyrigúl Jumamuratovna**
QMU akademiyalıq liceyi oqıtıwshısı;
https://doi.org/10.5281/zenodo.17256905

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 25- sentabr 2025 yil
Ma'qullandi: 28- sentabr 2025 yil
Nashr qilindi: 30- sentabr 2025 yil

**KEYWORDS**

*epika, kórkem obraz, syujet, fabula, epizod.*

**ABSTRACT**

*Biz bul maqalamızda kórkem shıǵarmalarda syujettiń jasalıw ózgesheligi haqqındaǵı teoriyalıq maǵlıwmatlardı úyrene otırıp, jazıwshı Sharap Usnatdinovtıń belgili gúrrińlerindegi syujettiń jasalıw ózgesheliklerine sholıw jasaymız.*

Insaniyat jámiyeti sırtqı ortalıqtı, jámiyetti, turmıstı tek ámeliy xızmet barısında biliw menen ǵana sheklenbeydi. Adam olardı kórkem-estetikalıq seziwler, pikirlewler arqalı da úyrenedi, yaǵnıy sırtqı ortalıq, jámiyet, sociallıq turmıs, adam tuwralı túsiniklerdi kórkem obrazlar járdeminde beriledi.

Kórkem obraz – kórkem ónerdiń hám kórkem-ádebiyattıń baslı shárti. Kórkem-ádebiyat sırtqı dúnyanı qalay bolsa solay fotografiyalıq usılda kórsetpeydi. Al, onı qayta islep, kórkemlep sáwlelendiredi. Eger de kórkem shıǵarma turmıslıq materiallardı, adamlardı, waqıyalardı qurǵaq bayanlasa, onda ol ápiwayı bayanlaw yáki málimleme dárejesinde qalıp qoyadı. Kórkem shıǵarma bolıw ushın birinshi gezekte sol waqıyalar, adamlar, oy-pikirler kórkemlep, yaǵnıy kórkem-obraz túrinde beriliwi shárt. [4:19]

Jazıwshı qaharman obrazın jaratıw ushın syujetti paydalanadı. Syujettiń rawajlanıwı arqalı personajlardıń is-háreketleri kórinedi. Olardıń kelbeti, xarakteri ashıladı.

Ádebiyattanıwda syujet degen termindi XVII ásirde jasaǵan klasicizm aǵımınıń wákilleri Karmel, Buano qollanǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar. Olar bul túsinikti áyyemgi greklerdiń ańızlarına aylanǵan qaharmanları tuwralı sóz etkende qollanılǵan, Aristotelden ózlestirgen.

Syujet – fransuz tilinen alınıp, "zat" degen maǵananı ańlatadı. Syujet-bul kórkem shıǵarmada súwretlenetuǵın waqıyalardıń, hádiyselerdiń, sonday-aq personajlardıń is-háreketleriniń belgili bir tártipke túsken dizimi yamasa jıynaǵı. [4:23] Geyde bul termin lirikalıq shıǵarmalardı analizlegende de paydalanıladı. Kútá erte dáwirlerde Rim jazıwshıları syujet degen sózdi emes, onıń ornına "fabula" degen termindi qollanılǵan. Fabula – "aytıp beriw, bayanlaw" degen mánini ańlatadı. XX ásir Keńes mámleketleri dáwiri ádebiyatında syujet hám fabula terminlerine sinonim dep qaraldı, yaǵnıy, shıǵarmadaǵı barlıq waqıyalardıń barısı – syujet, al, shıǵarmadaǵı konflikt – fabula dep ataladı. [2:94]

Demek, fabula degenimiz belgili bir waqıya. Sebebi, gez kelgen waqıyada fabula bar. Solay bolsa da, gez kelgen waqıya kórkem shıǵarma bolalmaydı. Al syujet bolsa, tek kórkem shıǵarmalarda boladı. Solay eken syujet hám fabulanıń atqaratuǵın ornı bólek.

Epikanıń ertedegi rawajlanıw basqıshlarında syujettegi epizodlar waqıtlıq, xronologiyalıq priciplerge tiykarlanıp qurıldı. Soń Evropa ádebiyatında jalǵız bir konfliktke tiykarlanıp, orayǵa biriktirilgen (konsentrik) syujet payda boladı. Orayǵa biriktirilgen syujette epika yamasa dramadaǵı konflikt tiykarǵı birew boladı hám waqıyalardıń baslanıwı, túyin, kulminaciya, sheshim sol bir konflikt átirapına qurıladı. Ómirdegi shınlıqtıńádebiy shıǵarmaǵa aylanıwı, ádebiyat mazmunınıń mazmunlı formaǵa kóshiwi, temanıń ideyalıq kórkemlik sheshim tabıwı procesinde syujet penen kompoziciyanıń atqaratuǵın róli ayrıqsha. Syujet kórkem shıǵarma mazmunın shólkemlestirip, shıǵarma qaharmanınıń xarakteriniń rawajlanıw tarıyxın kórsetetuǵın waqıyalar sisteması.

Bul haqqında M. Gorkiy: “Syujet – bul adamnıń óz-ara qarım-qatnası, baylanısı hám qarama-qarsılıqları, birin-biri jaqsı kóriw hám jaman kóriw jolların ashıp kórsetiw ushın tip penen xarakterdiń dóreliw tarıyxı” – degen pikirdi aytqan.

Syujet qaharman xarakteri menen waqıyalar arasındaǵı múnásibetti kórsetedi, olardaǵı xarakterdi qáliplestiriwge baǵındırıladı. Ádebiy shıǵarmada waqıya menen xarakter arasında barqulla baylanıs boladı.

Syujet boyınsha sınshı Janızaq Esenov “Sheberliktiń sırları” miynetinde qaharman xarakterin ashıwdaǵı qatnasın analizley otırıp, povestlerdegi syujetlerdi shártli túrde tómendegishe bóledi:

1. Sheńberli yamasa úsh múyeshli kompoziciyalı povestler;
2. parallel kompoziciyalı povestler;

Házirgi qaraqalpaq povestleriniń syujetlik formaların ekige bólip, olardıń birinshisine T. Qayıpbergenovtıń “Suwıq tamshı”,Sh. Aytmatovtıń “Qızıl shalǵıshlı dilbarım” povestlerin, ekinshisine T. Qayıpbergenovtıń “Tánhá ózińe málim sır”, Sh. Seytovtıń “Kóp edi ketken tırnalar” povestlerin kirgizedi. [1:48]

Ádebiyattanıw iliminde syujet máselesi keńnen izertlenildi. Biraq hár bir avtordıń shıǵarmalarındaǵı syujetlik ózgeshelikler arnawlı túrde izertleniwdi talap etpekte. Sonlıqtan, biz bul jumısımızda belgili jurnalist Sharap Usnatdinovtıń kórkem-ádebiyat salasındaǵı, sonıń ishinde prozadaǵı dáslepki qádemlerin bahalawǵa háreket etemiz.

Sharap Usnatdinov óziniń miynet jolın jurnalistika kásibi menen baslaydı. Kórkem-ádebiyat tarawına ǵárezsizlikten soń óziniń gúrrińleri, ocherk hám povestleri, esseleri menen kirip keldi. Ol ádebiy shıǵarmalar dóretkeni menen miynetlerinde kóbirek publicistikalıq pafostıń basım ekenligi kórinip turadı. Bul haqqında avtordıń ózi de “Ómirde tańlaǵan kásibim – jurnalistikanıń nızamlıqları menen etikalıq ólshemlerine sadıq bola otırıp, onıń joqarǵı tekshelerine qaray talpına jasaǵanlıqtan ba, qanday sóz jazsam yaki minberlerge shıǵıp sóylesem de, publicistikalıq pafostan shıǵa almay, sonıń jeteginde ketetuǵın máwritlerim kóp boladı. Bunı, hátteki, kitaptıń bet asharı bolǵan povest hám gúrrińlerimnen de kóriw múmkin...” dep jazadı. [3:3]

Haqıyqattan da, Sharap Usnatdinovtıń gúrrińleriniń syujetin úyrengenimizde onıń mazmunınan bul nárselerdi ańlay alamız.

Avtordıń “Murat”, “Etik”, “Balalıqtı qoya ber sirá...” gúrrińleriniń kompoziciyası joqarıda syujetke berilgen anıqlamalarǵa sáykeskele otırıp, syujettiń baslanıwı, baylanısı, rawajlanıwı,

kulminaciya hám waqıyanıń sheshimi sıyaqlı basqıshlardı basıp ótedi. “Murat” dep atalǵan gúrrińinde syujet qaharman balanıń qıs aylarında mektepke baratuǵın jolda bir sarı iytke ushırasıp qalıw waqıyasına baylanıslı jazılǵan. Gúrrıń syujetinde ananıń perzentine bolǵan mehir-muhabbatı Murattıń apasınıń obrazı arqalı, al, Murattıń obrazı arqalı bolsa, adamzattıń haywanatlar dúnyasına bolǵan miyrimliligi sheber ashıp beriledi. “Balalıqtı qoya ber sirá...” gúrrińiniń syujetinde bolsa waqıya qaharmannıń eske túsiriwi arqalı bayanlanadı. Bunda qaharmanǵa qosa bir neshe personajlardıń qatnasqanlıǵın kóremiz. Syujeti boyınsha “Murat” gúrrińinen onsha parıq qılmaydı. Avtordıń “Etik” gúrrińiniń syujeti bolsa, aldıngı gúrrińlerge salıstırǵanda biraz ózgeshe. Bunda etik detal sıpatında xızmet etedi hám sol arqalı qaharman Úsen atanıń balalıq jıllları esine túsedi hám bayanlanadı.

Demek, bul gúrrińlerdiń syujeti arqalı olardaǵı qaharmanlardıń xarakteri, waqıyalardıń mazmunı, ulıwmalastırıp aytqanda qaharman obrazın ashıwdaǵı xızmeti ayrıqsha ekenligin kóremiz. Syujettiń óz ornında jayǵastırılıwı da jazıwshıdan sheberlikti talap etedi. Bul iri kólemli epikalıq shıǵarmalardan baslap, tap kishi janrlarda da saqlanıwı tiyis. Avtor kishkene ǵana gúrrıń yáki novella jazıw arqalı da sheber, ataqlı jazıwshıǵa aylanıwı múmkin. Bunıń ushın aytajaq ideyası yamasa temasınıń mazmunın zárúrli, orınlı formaǵa túsire biliwi kerek. Biz úyrenip atırǵan gúrrińler de, óz formasın durıs taba alǵan. Bunı jazıwshı Sharap Usnatdinovtıń izlenisleriniń jemisi dep bahalawǵa boladı

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Есенов Ж. Шеберликтиң сырлары. Нөкис, “Қарақалпақстан”, 1986.
2. Мамбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис, «Билим», 1995.
3. Уснатдинов Ш. Кимге кеш, кимге таң сәҳәр... Нөкис, “Қарақалпақстан”, 2002.
4. Járimbetov Q. Ádebiyattanıwdan sabaqlar. Nókis, “Qaraqalpaqstan”, 2012.

INNOVATIVE ACADEMY